# Nou se Motè Sektè Swen an

NATIONAL DOMESTIC WORKERS ALLIANCE

# Pwogram Ansanble Nasyonal 2025

PATWONE AN PATI PA:
CARE IN ACTION

10 AVRIL - 13 AVRIL 2025
WASHINGTON DC




# Byenveni nan Asanble Nasyonal 2025 la

Se moman pa nou — pou youn wè lòt, onore pouvwa nou, ak prepare plan n pou viktwa nou pral genyen pi devan yo. Pandan pwochen jou kap vini yo, nou pra l pataje espas ak de oratè pwisan, nou pra l angaje nan yon seri de atelye dinamik, epi nou pral viv de moman ki pra l pouse nou pran aksyon. Ansanm, n ap kreye yon elan ki pral pouse nou al pi devan lontan apre nou kite sal sa a.

# Pwogram

**Pare nou pou de konvèsasyon ki dinamik, de zistwa pwisan, ak de estrateji ki pral fòme avni sektè swen an ak mouvman nou an. Pwogram nou an pral enspire, pwovoke, ak dinamize nou — paske lè n met tèt nou ansanm, n avanse ak youn fòs ki envensib.**

## Jedi, 10 avril

### Dine Byenveni

**5è:30PM**

### Seyans Ouvèti: Nou se Anjen Swen

**7è:00PM**

Mouvman nou an pwisan. Nou te toujou ap bati pouvwa pou n genyen yon ekonomi kote sektè swen ak travay domestik resevwa diyite ak respè yo merite ansanm ak yon demokrasi kote fanm travayè yo gen yon vwa. Nou pral tande kèk ansyen manm ki pral pale nou de istwa ak devlopman alyans nou an, ki pral souliye viktwa ki pi resan nou yo epi nou pral tande lidè travayè domestik yo ki pral pale nou de detèminasyon nou nan moman sa a.



# Vandredi 11 avril

## Klas Espas Gerizon
**7è:00AM-8è:00AM**

## Ti dejene
**7è:30AM-9è:00AM**

## Seyans: Sektè Swen an nan yon Kafou Difisil

**9è:00AM-10è:00AM**

Swen ke fanmi n ak kominote n depann de yo an anba gwo menas e yo bezwen lidèchip nou plis pase jamè. N ap òganize nou pou n sipòte kominote nou yo, pou n met fen ak mal la epi pou n modle vizyon nou pou sektè swen an. Vizyon nou pou lavni rete klè: Swen se yon bagay ki esansyèl, travayè domestik merite diyite, e fanmi yo dwe jwenn sipò yo bezwen pou yo boujonnen. Seyans sa a pral kouvri sa n riske pou n pèdi ak rezon ki fè li ijan pou n pran aksyon.

## Pote Chanjman nan Sektè Swen an: Yon Rankònt ak Senatè Bernie Sanders

**10è:00AM-12è:00PM**

## Dine

**5è:30-7è:00PM**

## Seyans: Medya, Teknoloji ak Avni Sektè Swen an
**7è:00PM-8è:00PM**

N ap viv nan yon epòk kote teknoloji ak medya trouve yo nan yon batay pèmanan pou kapte atansyon nou. Teknoloji ak Entèlijans atifisyèl (AI) ap chanje lavi ak travay nou rapidman. Travayè nan sektè swen yo bay sipò imen ki esansyèl ke fanmi yo bezwen pou yo boujonnen, e yo dwe di mo pa yo sou kijan avni sektè swen ap dewoule. Sesyon sa a pral prezante ansèyman sou devlopman teknoloji ak AI nan endistri swen ansanm ak pèspektiv travayè ki nan domèn nan genyen sou devlopman sa yo.

# Samdi, 12 Avril

## Klas Espas Gerizon
7è:00AM-8è:00AM

## Ti dejene
7è:30AM-9è:00AM

## Reyinyon Anyèl NDWA ak Eleksyon Manm Konsèy Administrasyon an*
9è:00PM-11è:30PM

## Repa Midi
12è:00PM-1è:30PM

## Sesyon Atelye #1
2è:00PM to 4è:00PM

Òganize Anplwayè nan Domèn Swen ki pa nan Patipri yo pou Genyen ak Met an Aplikasyon Dwa Travayè Domestik*
Sal: Cardozo
Òganizasyon K ap Prezante: Hand in Hand: The Domestic Employers Network
Lang: English, Español

Kanpay POWER an : Ki jan Filadèlfi rive ap Genyen Nouvo Pwoteksyon pou Travayè kont Reprezay
Sal: Dupont
Òganizasyon K ap Prezante: NDWA Pennsylvania Chapter
Lang: English, Español

Levedefon ki Dirab nan Nivo Baz yo
Sal: Embassy
Òganizasyon K ap Prezante: NDWA
Lang: English, Español

Istwa w se pouvwa w: Medya sosyal pou travayè domestik
Sal: Fairchild
Òganizasyon K ap Prezante: NDWA
Lang: English, Español, Polsku

Kanpay Defans kont Depòtasyon
Sal: Gunston
Òganizasyon K ap Prezante: NDWA
Lang: English, Español, Kreyòl Ayisyen, नेपाली

Entèlijans atifisyèl ak Teknoloji: Opòtinite pou Enfliyanse Travay Domestik ak Estrateji nou yo
Sal: Holmead
Òganizasyon K ap Prezante: NDWA
Lang: English, Español

Entwodiksyon nan Aplikasyon Estratejik Lejislasyon Travay*
Sal: Jay
Òganizasyon K ap Prezante: Workplace Justice Lab @ Rutgers University
Lang: English, Español

Defann Estati Pwoteksyon Tanporè (TPS)*
Sal: Kalorama
Òganizasyon K ap Prezante: Adhikaar
Lang: English, Español, नेपाली

Fòmasyon pou Fòmatè yo: Travayè Imigran konnen Dwa w*
Sal: Morgan
Òganizasyon K ap Prezante: Arise Chicago
Lang: English, Español

Fòmasyon efikas pou Moun ki Netwaye Kay : Netwayaj Ekolojik ki Pwòp , an Sekirite epi Jis
Sal: Northwest
Òganizasyon K ap Prezante: Latino Union of Chicago, NDWA New York Chapter
Lang: English, Español

Zouti pou Prepare pou yon Entèvyou Travay avèk siksè*
Sal: Oak Lawn
Òganizasyon K ap Prezante: MISMA, Hand in Hand: The Domestic Employers Network
Lang: English, Español

Bati de Òganizasyon Demokratik ki Dirije pa Travayè
Sal: Piscataway
Òganizasyon K ap Prezante: NDWA DC-Maryland-Virginia Chapter
Lang: English, Español

Ede Nanni ak Travayè ki bay Swen nan Kay yo Negosye Kondisyon Travay ak Kontra ki Ekitab
Sal: Rock Creek
Òganizasyon K ap Prezante: NDWA
Lang: English, Español, Português

Pou Konsèy Pwoteksyon pou Travayè Domestik yo Leve Estanda yo pi Wo pase Lwa ki Egziste deja yo
Sal: Shaw
Òganizasyon K ap Prezante: Casa Latina, Fair Work Center-Working Washington, NDWA
Lang: English, Español, नेपाली

Pataje pi bon Teknik pou Bay Swen Sante nan Kay yon fason ki Efikas epi ak anpil Konpasyon
Sal: Tenleytown East
Òganizasyon K ap Prezante: NDWA North Carolina Chapter
Lang: English, Español

Inyon Atravè Istwa Migrasyon nou yo
Sal: Tenleytown West
Òganizasyon K ap Prezante: ALA Garifuna Women, Matahari Women Workers Center, We Dream in Black
Lang: English, Español

** Se sèlman Manm Òganize NDWA ki elijib pou vote ki ka vote. Manm ki pa elijib pou vote ka patisipe ak vwa yo, An akò ak règleman NDWA yo. Tout moun ki pa manm yo envite yo obsève.*

Ki jan pou Pwoteje ak Defann Medikèd*
Sal: U Street
Òganizasyon K ap Prezante: United Domestic Workers
Lang: English, Español

Estrateji pou Devlope Modèl Òganize nan Katye yo ki pou Ogmante Estanda yo pou Travayè Domestik*
Sal: Van Ness
Òganizasyon K ap Prezante: Carroll Gardens Association, Pilipino Worker Center, New Labor
Lang: English, Español, Português

Kou "Nou Fè Listwa" an kòm yon Zouti Rekritman*
Sal: Woodley
Òganizasyon K ap Prezante: New Mexico Caregivers Coalition
Lang: English, Español

Pratik Gerizon (yoga, somatik, lòt pratik an gwoup)
Sal: Georgetown
Lang: English, Español

# Poz / Break

## 4è:00PM-4è:30PM

# Sesyon Atelye #2

## 4è:30PM-6è:30PM

Taktik ki pa gen rapò Jiridik pou Ranfòse Dwa Travayè Domestik yo: Lèt Demann, Aksyon Piblik, ak Kanpay pou fè Presyon*
Sal: Cardozo
Òganizasyon K ap Prezante: Connecticut Worker Center, Unidad Latina en Accion
Lang: English, Español

Itilize Pwogram Fòmasyon sou Konnen Dwa w pou Agrandi Baz ou*
Sal: Dupont
Òganizasyon K ap Prezante: NJ Domestic Worker Coalition
Lang: English, Español

Transfòme Konfli yo an Opòtinite pou fè Transfòmasyon nan Òganizasyon Nou yo
Sal: Embassy
Òganizasyon K ap Prezante: NDWA
Lang: English, Español

Estrateji pou defann DALEres ak TPSianas yo : Kanpay pou Jistis nan Espas Travay an 2025*
Sal: Fairchild
Òganizasyon K ap Prezante: Arriba Las Vegas Worker Center
Lang: English, Español, Polsku

Modèl Koperativ nan Sektè Travay Domestik la*
Track: Care Worker Organizing & Campaigns
Sal: Gunston
Òganizasyon K ap Prezante: Brazilian Women's Group, Pilipino Worker Center
Lang: English, Español, Kreyòl Ayisyen, Português

Fòme Pòtpawòl pou Bati Pouvwa Travayè
Sal: Holmead
Òganizasyon K ap Prezante: NDWA
Lang: English, Español

Klinik Medyasyon: Etid Ka Vil Nouyòk sou Kolaborasyon ak Ajans Gouvènman pou Ranfòsman
Sal: Jay
Òganizasyon K ap Prezante: NDWA New York Chapter
Lang: English, Español

Move Klasifikasyon Estati Travay: Èske m se yon Kontraktè Endepandan oswa yon Anplwaye? Poukisa li dwe enpòtan pou m konnen ?
Sal: Kalorama
Òganizasyon K ap Prezante: NDWA
Lang: English, Español, नेपाली

Sante ak Sekirite pou Travayè Domestik*
Sal: Morgan
Òganizasyon K ap Prezante: Mujeres Unidas y Activas
Lang: English, Español

Medikèd 101: Ki sa Medikèd ye epi Kijan li Afekte Travayè nan Domèn Swen?
Sal: Northwest
Òganizasyon K ap Prezante: NDWA
Lang: English, Español

Kisa ki Pase Apre nou fin Genyen yon Pwojè Lwa? Konsyantizasyon- Aplikasyon- Ranfòsman (ACE)
Sal: Oak Lawn
Òganizasyon K ap Prezante: NDWA
Lang: English, Español

Ki jan pou Kreye yon Emisyon Radyo pou Bati oswa Ranfòse Pouvwa Travayè*
Sal: Piscataway
Òganizasyon K ap Prezante: Women Working Together
Lang: English, Español

Konprann Trafik Mendèv*
Sal: Rock Creek
Òganizasyon K ap Prezante: Damayan Migrant Workers Association, Border Workers United
Lang: English, Español, Português

Òganize nan nivo Miltikiltirèl, Miltirasyal ak Miltijenerasyonèl pou bati solidarite ak grandi Mouvman nou an
Sal: Shaw
Òganizasyon K ap Prezante: NDWA South Bay, CA Chapter, NDWA Pennsylvania Chapter
Lang: English, Español, नेपाली

Anplwayè kòm Alye: Estraeji nan Òganize pou Bati Solidarite ak Travayè Imigran*
Sal: Tenleytown East
Òganizasyon K ap Prezante: Hand in Hand: The Domestic Employers Network
Lang: English, Español

Leson ki Tire nan Efò ki te fèt yo pou Genyen Konje Peye pou Travayè Domestik yo*
Sal: Tenleytown West
Òganizasyon K ap Prezante: Arise Chicago, Casa Latina California Domestic Workers Coalition, Fair Work Center-Working Washington
Lang: English, Español

Modèl Òganize Sou Rezo yo ak ki pa sou Rezo pou Travayè Gadri Timoun yo
Sal: U Street
Òganizasyon K ap Prezante: Community Change, NDWA North Carolina Chapter
Lang: English, Español

Pwogram Sipò Pou Sante Mantal pou Travayè Domestik yo*
Sal: Van Ness
Òganizasyon K ap Prezante: Filipino Advocates for Justice
Lang: English, Español, नेपाली

Nòt ki soti nan Ajanda Storm ak Unbossed la: Enpak Pandemi COVID la
Sal: Woodley
Òganizasyon K ap Prezante: We Dream in Black National
Lang: English, Español

Pratik Gerizon (yoga, somatik, lòt pratik an gwoup)
Sal: Georgetown
Lang: English, Español

## Dine

6è:30PM-8è:00PM

## Sware Kiltirèl

8è:00PM-10è:00PM

2025 SAN NOU, LEMONN KANPE! NOU SE MOTÈ SEKTÈ SWEN AN



# Dimanch 13 Avril

## Klas Espas Gerizon
**7è:00AM-8è:00AM**

## Sesyon Atelye #3
**9è:30AM-11è:30AM**

Zouti Prevansyon kont Vyolans ki baze sou Sèks nan Espas Travay la*
Sal: Cardozo
Òganizasyon K ap Prezante: Border Workers United
Lang: English, Español

Kontèks Politik Mondyal pou Mouvman Mondyal Nou An: Konbat Fachis Toupatou nan Mond lan*
Sal: Dupont
Òganizasyon K ap Prezante: International Domestic Worker Federation
Lang: English, Español

Kriz Klimatik ak Travay Domestik*
Sal: Embassy
Òganizasyon K ap Prezante: IDEPSCA - Mujeres en Accion, Brazilian Worker Center, Miami Workers Center, Women Working Together, We Dream in Black
Lang: English, Español

Demand pou Sipòte Imigran nan Nivo Lokal ak nan Eta yo Fas ak Atak nan Nivo Federal yo*
Sal: Fairchild
Òganizasyon K ap Prezante: Workplace Justice Lab @ Rutgers University
Lang: English, Español, Português

Fòmasyon Devlopman Mendèv kòm yon Mwayen pou Ogmante Kantite Manm ou yo – Arise Domestic Workers School*
Sal: Gunston
Òganizasyon K ap Prezante: Arise Chicago
Lang: English, Español, Polsku, नेपाली

Konprann Dekrè Egzekitif sou Afè Imigrasyon ak Nòt Ajans Sèvis yo
Sal: Holmead
Òganizasyon K ap Prezante: NDWA
Lang: English, Español, नेपाली

Kanpay " Bay Swen nou yo Valè, Peye Pòsyon pa Nou"
Sal: Jay
Òganizasyon K ap Prezante: NDWA
Lang: English, Español

Prepare pou Rete: Kijan pou Kreye yon Plan Ijans Imigrasyon pou Fanmi*
Sal: Kalorama
Òganizasyon K ap Prezante: CHIRLA
Lang: English, Español, नेपाली

Ki jan pou fè yon Travay Konsyantizasyon akTravayè ki nan Sektè Swen Sante nan kote y ap Travay la*
Sal: Morgan
Òganizasyon K ap Prezante: Pilipino Worker Center
Lang: English, Español

Devlope Rezilyans Dijital: Sekirite Enfòmasyon pou ONG yo
Sal: Northwest
Òganizasyon K ap Prezante: NDWA
Lang: English, Español

## Ti dejene ak Tchèk out nan chanm otèl yo
**7è:30AM-9è:00AM**

Mennen Nouvo Travayè Domestik nan Mouvman nou an: Kreye ak Met an Pratik pi bon RAP ou genyen pou fè Konsyantizasyon
Sal: Oak Lawn
Òganizasyon K ap Prezante: NDWA Georgia Chapter
Lang: English, Español

El Centro de Igualdad y Derechos
Sal: Piscataway
Òganizasyon K ap Prezante: El Centro de Igualdad y Derechos
Lang: English, Español

Ki sa Pwogram Au Pair la ye epi Leson ki te Aprann nan Òganize ak Moun Au Pair yo ?
Sal: Rock Creek
Òganizasyon K ap Prezante: NDWA
Lang: English, Español, Português

Kominikasyon ki Efikas pou Moun ki bay Swen Sante nan Kay (HHA yo )*
Sal: Shaw
Òganizasyon K ap Prezante: Dominican Development Center
Lang: English, Español, Kreyòl Ayisyen

Estrateji pou Òganize Travayè Domestik Imigran ak Endijèn yo*
Sal: Tenleytown East
Òganizasyon K ap Prezante: ALA Garifuna Women, Lazos America Unida, Mujeres Unidas y Activas, New Mexico Caregivers Coalition
Lang: English, Español

Chanje Diskou Nou pou Kreye Pouvwa: Istwa Marta*
Sal: Tenleytown West
Òganizasyon K ap Prezante: Las Malcriadas Fronterizas
Lang: English, Español

Goumen Kont tout sa ki se yon Andikap nan Lavi nou, Kote n ap Travay ak pou Politik Piblik yo*
Sal: U Street
Òganizasyon K ap Prezante: Hand in Hand: The Domestic Employers Network
Lang: English, Español

Chinga la Migra: Modèl Defans Kominotè kont ICE*
Sal: Van Ness
Òganizasyon K ap Prezante: Resistencia en Acción NJ
Lang: English, Español

Estrateji pou Kominikasyon ki pa Vyolan nan Travay Domestik*
Sal: Woodley
Òganizasyon K ap Prezante: Wind of the Spirit Immigrant Resource Center
Lang: English, Español

Reyinyon Kowalisyon Travayè Domestik nan Vil Nouyòk
Sal: International Ballroom
Òganizasyon K ap Prezante: NYC Coalition for Domestic Workers, NDWA
Lang: English, Español, नेपाली

**Tout sesyon ki gen asterisk se òganizasyon Afilye oswa alye k ap dirije yo, san patisipasyon NDWA. Sesyon sa yo se pwendevi ak opinyon òganizasyon sa yo ak reprezantan yo sèlman ke yo reflete. Pwendevi ak opinyon ki prezante nan sesyon sa yo pa nesesèman reprezante pwendevi ak opinyon NDWA epitou NDWA pa responsab pou kontni oswa aksyon òganizasyon yo ak reprezantan yo nan sesyon sa yo.*

## Poz/ Break
**11è:30AM-Midi**

## Seyans Fèmti: Espwa ak Chemen pou n Avanse
**Midi-1è:00PM**

Wòl nou kòm òganizatè ak lidè mouvman an se ede travayè ak kominote nou yo rete ak espwa, pou yo ret konekte ak solisyon yo epi ak youn ak lòt - jwenn chemen pou n avanse . Panèl sa a rasanble lidè ak patnè kle NDWA yo pou vin pataje estrateji k ap ede n bati mouvman an nan moman sa a, nan mete aksan sou pwen pozitif yo ki bannou espwa, ak opòtinite pou n bati pouvwa a lontèm.

## Repa Midi ak Fèmti

## List Òganizasyon ki Patisipe nan Asanble NDWA pou 2025 lan

A.Y.U.D.A. INC.
Adhikaar
AFIRE Chicago
ALA Garifuna Women
Arise Chicago
Arriba Las Vegas Worker Center
Border Workers United
Brazilian Women's Group
Brazilian Worker Center
California Domestic Workers Coalition
Care in Action Inc.
Caring Across Generations
Carroll Gardens Association
Casa Freehold
Casa Latina
Centro Cultural de Mexico
CHIRLA
Community Change
Community Force in Action
Community Resource Center
Comunidades Sin Fronteras CT
Connecticut Worker Center
Damayan Migrant Workers Association
Domesticas Unidas
Dominican Development Center
Dreamers Mothers In Action
El Centro de Igualdad y Derechos
Escucha Mi Voz Iowa
Fair Work Center-Working Washington
Fe y Justicia Worker Center
Filipino Advocates for Justice
Graton Day Labor Center - ALMAS
Hand in Hand: The Domestic Employers Network
IDEPSCA - Mujeres en Acción
International Domestic Worker Federation
La Colmena - Staten Island Community Job Center
Las Malcriadas Fronterizas
Latino Union of Chicago
Lazos America Unida
Matahari Women Workers Center
Miami Workers Center
MISMA
Mission Action
MomsRising
Mujeres Unidas y Activas
Naugatuck Valley Project
NDWA Gig Workers Committee
NDWA DC-Maryland-Virginia Chapter
NDWA Georgia Chapter
NDWA New Jersey Chapter
NDWA New York Chapter
NDWA North Carolina Chapter
NDWA Pennsylvania Chapter
NDWA South Bay, CA Chapter
NDWA South Carolina Chapter
New Labor
New Mexico Caregivers Coalition
Nuevo Sol: Centro de Trabajadoras del Hogar y Jornaleros
People's Action
Peoples' Association of Workers and Immigrants PAWIS - East Bay
Pilipino Worker Center
Pomona Economic Opportunity Center
Resistencia en Acción NJ
Service Employees International Union (SEIU)
TN Immigrant and Refugee Rights Coalition
Unidad Latina en Acción CT
United Domestic Workers of America (UDW)
Unity House Cleaners
We Dream in Black
WeCount!
Wind of the Spirit Immigrant Resource Center
Women Working Together
Workplace Justice Lab @ Rutgers University

Tout sesyon ki gen asterisk se òganizasyon Afilye oswa alye k ap dirije yo, san patisipasyon NDWA. Sesyon sa yo se pwendevi ak opinyon òganizasyon sa yo ak reprezantan yo sèlman ke yo reflete. Pwendevi ak opinyon ki prezante nan sesyon sa yo pa nesesèman reprezante pwendevi ak opinyon NDWA epitou NDWA pa responsab pou kontni oswa aksyon òganizasyon yo ak reprezantan yo nan sesyon sa yo.




# Nou se Motè Sektè Swen an

NATIONAL DOMESTIC WORKERS ALLIANCE

Asanble 2025

2025 SAN NOU, LEMONN KANPE! NOU SE MOTÈ SEKTÈ SWEN AN

# Lojistik

## Orè Gadri

**Nou pral ofri sèvis gadri jan sa te dekri nan kominikasyon ke w te deja resevwa yo, pandan lè sa yo, aleksepsyon de lè repa midi chak jou yo, kote tout paran dwe vin pran pitit yo pou al manje repa midi ak yo ansanm ak tout gwoup la.**

Jedi 10 avril : Midi – 9èPM

Vandredi 11 avril : 8èAM – 6èPM

Samdi 12 avril : 8èAM – 7èPM

Dimanch 13 avril : 8èAM – 4èPM

## Orè Espas Gerizon

Jedi 10 avril : 7è:00AM – 9è:00PM

Vandredi 11 avril : 7è:00AM – 10è:00PM
(lè ouvèti pwolonje pou moun ki bezwen rekipere apre mach la)

Samdi 12 avril : 7è:00AM – 8è:00PM

Dimanch 13 avril: 7è:00AM – 1è:00PM
(Kondisyonman Matinal ak refleksyon final yo)

Tanpri Sonje - Dimanch 13 avril, espas gerizon an pral opere sou randevou sèlman, kòm pap gen yon espas dedye. Patisipan yo ka pwograme sesyon endividyèl gerizon ak profesyonèl yo epi tou pral genyen resous oto gide k ap disponib nan yon fason limite. Sa pral pèmèt patisipan yo gen aksè ak sipò pandan yo pral pran chemen pou yo retounen lakay yo.

## Enfòmasyon Ijans

**Nan ka ta gen yon ijans kote lavi w menase, tanpri rele 911. Si w kapab, oswa si gen yon moun ki avèk ou ki kapab fè l, ou dwe jwenn yon anplwaye NDWA imedyatman ki pote yon badj woz oswa kontakte liy asistans nou nan rele (202) 850-0999 epi y ap ka ede w antre an kontak ak sèvis ijans oswa lòt kalite sipò ou bezwen. Si w pa kapab konekte ak yon anplwaye NDWA imedyatman, tanpri kontakte Delege ki lidè w la osito ke w ka fè sa an sekirite. Pou bagay ki pa menase lavi oswa ki pa ijan, tanpri kontakte Delege ki lidè w la.**

# Kontak

**Pandan tout Asanble a pral gen yon tab enfòmasyon k ap sitiye sou Teras sal ki rele International Ballroom nan kote ou ka poze kesyon oswa jwenn direksyon nan men estaf Asanble a. Si w bezwen nenpòt bagay pandan Asanble a, tanpri kominike toudabò ak chèf Delegasyon w lan. Sizoka ta gen yon pwoblèm ijan ki mande entèvansyon estaf NDWA, tanpri rele nan (202) 850-0999.**

2025 SAN NOU, LEMONN KANPE! NOU SE MOTÈ SEKTÈ SWEN AN

ALLIED PRINTING TRADES UNION LABEL COUNCIL DETROIT MICH. ® 40